


Fox Valley Offices
4425 North Market Street- 3rd Floor
Wilmington, DE 19802
(302) 761-8200



Blue Hen Corporate Center
655 S Bay Road, Ste. 2H
Dover, DE 19901
(302) 422-1134

Georgetown American Job Center
8 Georgetown Plaza, Suite 2
Georgetown, DE 19947
(302) 856-5230

Depatman Travay Delaware
Divizyon Zafè Endistriyèl yo

University Office Plaza
252 Chapman Road, 2nd Etaj
Newark, DE 19702
(302) 761-8200

Email: dol_dia_workcomp@delaware.gov | Email: dol_dia_wc_compliance@delaware.gov | Sit Wèb: Labor.delaware.gov

DEDOMAJMAN TRAVAYÈ

BAGAY ENPÒTAN POU OU FÈ NAN KA BLESİ

PATWON AN DWE:

Peye kouvèti asirans Konpansasyon Anplwaye a dapre Atik 19, Chapit 23, 2303. Chak patwon dwe kenbe yon dosye sou tout blesi anplwaye yo resevwa, epi nan lespas 10 jou, soumèt yon Premye Rapò sou Blesi nan Biwo Konpansasyon Travayè yo dapre Atik 19, Chapit 23, 2313. Anplis de sa, patwon an ta dwe avize responsab Asirans konpansasyon Travayè yo a de blesi sa yo. Fòm Premye Rapò sou Blesi yo disponib sou sit wèb nou an ki parèt anlè a

ANPLWAYE A DWE:

Oswa yon moun nan plas anplwaye a, avize patwon an dèke posib de yon blesi nan aksidan oswa yon maladi pwofesyonèl epi mande sèvis medikal si sa nesesè. Si anplwaye a pa reyisi bay avètisman oswa aksepte sèvis medikal yo, sa ka anpeche anplwaye a jwi dwa pou l resevwa yon konpansasyon. Bay patwon an san pèdi tan, dirèkteman oswa atravè yon sipèvizè, avi sou nenpòt reklamasyon pou konpansasyon pou peryòd andikap apre twazyèm jou apre aksidan an. Nan ka blesi mòtèl yo, youn oswa plizyè moun ki depann de moun ki mouri a dwe bay yon avi oswa avi a dwe bay sou non yo atravè yon moun. Nan ka ou pa rive jwenn yon akò ak patwon an konsènan konpansasyon dapre lalwa a, soumèt yon petisyon bay Komisyon Konsèy Aksidan Endistriyèl la pou yon odyans sou zafè ki konsène yo nan lespas de (2) lane dat blesi nan aksidan an. Ou ka jwenn tout fòm yo nan men Biwo Konpansasyon Travayè a. (Email: dol_dia_workcomp@delaware.gov)



Li ilegal pou fè vanjans kont yon anplwaye paske li te pote yon plent oswa li te bay Depatman Travay la enfòmasyon sou yon posib vyolasyon lalwa travay la.

LA LWA OBLIJE PATWON YO POU YO MONTRE AFICH OFISYÈL SA A NAN YON KOTE ANPLWAYE YO KA WÈ EPI KOTE YO PASE REGILYÈMAN.

Vyolasyon Lwa Travay Delaware yo kapab lakòz amann ki rive jiska \$20,000 pou chak vyolasyon.